XALÍQ DEPUTATLARÍ KEGEYLI RAYONLÍQ KEŃESI SHESHIMI

2021 - yil 29 - dekabr VI-42-79-13-184-K/21 Kegeyli rayoni hákimligi

Кегейли районындағы мәкан ҳәм аўыл пуқаралар жыйынлары бойынша аўыл хожалығына мөлшерленбеген жерлер ушын бирден-бир муғдарларда белгиленген базалық салық ставкаларына киргизилип атырған кемейиттириўши ҳәм арттырыўшы коэффициентлерди қолланыў ҳаққында

Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2020-жыл 3-декабрдеги «Ресурс салықлары ҳәм мал-мүлк салығын және де жетилистириў ҳаққында»ғы ПФ-6121-санлы Пәрманы, Өзбекстан Республикасы Финанс министрлиги ҳәм Мәмлекетлик салық комитетиниң 2021-жыл 8-ноябрь күнги жергиликли ҳәкимият органлары, аймақлық финанс ҳәм салық басқармаларына район (қала)лар кесиминде жер салығы ставкаларын қабыл қылыў бойынша 06/04-01-32/2248 ҳәм 19/10-68220-санлы қоспа хатына, Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси Президиумының 2021-жыл 22-декабрь күнги 555-санлы қарарына тийкарланып, 2022-жыл ушын белгиленген жергиликли бюджет прогнозларының орынланыўының турақлылығын ҳәм дәраматларының асырылыўын тәмийинлеў мақсетинде, Кегейли районы мәкан ҳәм аўыл пуқаралар жыйынлары бойынша аўыл хожалығына мөлшерленбеген жерлер ушын салық ставкаларына киргизип атырған кемейттириўши ҳәм арттырыўшы коэффициентлерди ққоффициентлерди қолланыў ҳаққындағы мәселени қарап шығып Халық депутатлары Кегейли районлық Кеңеси

Ш Е Ш И М Е Т Е Д И :

1. Өзбекстан Республикасы Финанс министрлиги ҳәм Мәмлекетлик

салық комитетиниң 2021-жыл 8-ноябрь күнги жергиликли ҳәкимият органлары, аймақлық финанс ҳәм салық басқармаларына район (қала)лар кесиминде жер салығы ставкаларын қабыл қылыў бойынша 06/04-01-32/2248 ҳәм 19/10-68220-санлы қоспа хатлары ҳәм Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси Президиумының 2021-жыл 22-декабрь күнги 555-санлы қарары орынлаў ушын басшылыққа алынсын.

2. Кегейли районы бойынша аўыл хожалығына мөлшерленбеген жерлер ушын бирден-бир муғдарларда белгиленген базалық салық ставкаларына киритилип атырған кемейттириўши ҳәм арттырыўшы коэффициентлерди қолланыў ҳаққындағы районлық финанс бөлими ҳәм районлық мәмлекетлик салық инспекциясының усынысы мағлыўмат ушын қабыл етилсин.

3. Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси Президиумының жоқарыда көрсетилген қарарында Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси тәрепинен белгиленген жер салығы ставкаларына Халық депутатлары районлық Кеңесине өз аймақларында жайласқан аўыллар, мәҳәллелер кесиминде 0,7 ден 3,0 ке шекем кемейттириўши ҳәм арттырыўшы коэффициентлерди қолланыў бойынша қарар қабыл етиў ҳәм қабыл етилген қарарларды салық уйымларына жеткериў тапсырылғанлығы;

Бунда, Халық депутатлары районлық Кеңеси салық жүгин кескин асырылыўының алдын алыў мақсетинде, физикалық тәреплерден алынатуғын жер салығына белгиленген (жеке тәртиптеги исбилерменлерден тысқары) ставкасына 2021-жыл ушын есапланған салық суммасының 1,3 есесинен аспаған ҳалда коэффициентлерди қолланыў, сондай-ақ, айырым орынларда ҳәм туристлик зоналардағы жер участкалары ҳәм физикалық тәреплер пайдаланыўында болған 1 гектардан артық жер участкаларына 3,0 ке шекемги арттырыўшы коэффициентлерди қолланыў мүмкин екенлиги нәзерде тутылғанлығы мағлыўмат ушын қабыл етилсин.

4. Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2020-жыл 3-декабрдеги «Ресурс салықлары ҳәм мал-мүлк салығын және де жетилистириў ҳаққында»ғы ПФ-6121-санлы Пәрманына муўапық, салық кодекси менен

белгиленетуғын салық ставкалары тийкарында аўыл хожалығына мөлшерленбеген жерлер ушын юридикалық тәреплер бойынша бирден-бир (абсолют) муғдарда 1 гектар ушын 19 600,0 мың сўм деп белгиленген базалық салық ставкасына киргизилген кемейиттириўши ҳәм арттырыўшы коэффициентлер 1-қосымшаға муўапық, физикалық тәреплер бойынша (дийқан хожалығын жүргизиў бойынша берилген аўыл хожалығына мөлшерленген жерлерден тысқары) бирден-бир (абсолют) муғдарда 1 кв.метр ушын 182,0 сўм деп белгиленген базалық салық ставкасына киргизилип атырған кемейттириўши ҳәм арттырыўшы коэффициентлер 2-қосымшаға муўапық тастыйықлансын.

5. Кегейли районлық мәмлекетлик салық инспекциясына (С.Даулетбаев) Халық депутатлары Кегейли районлық Кеңеси тәрепинен белгиленген салық ставкалары бойынша жер салығы төлеўшилерди өз ўақтында хабарландырыў ҳәм өндирилиўин тәмийинлеў тапсырылсын.

6. Усы шешимниң орынланыўын қадағалаў халық депутатлары Кегейли районлық Кеңесиниң Жергиликли бюджет, экономикалық реформаларды әмелге асырыў, инвестициялар ҳәм исбилерменликти раўажландырыў мәселелери бойынша турақлы комиссиясына (С.Қалханов) жүкленсин.

Халық депутатлары Кегейли районлық Кеңеси баслығы **Д.М.Утемуратов**

Халқ депутатлари Кегейли туман
Кенгашининг
2021 йил 29 декабрдаги
VI-42-79-13-184-K/21-сон қарорига
1-илова

Аўыл хожалығына мөлшерленбеген жерлер ушын юридикалық тәреплер бойынша бирден-бир (абсолют) муғдарда 1 гектар ушын 28 000,0 мың сўм деп белгиленген базалық салық ставкасына киргизилген кемейттириўши ҳәм арттырыўшы коффициентлер

№	МПЖ ҳәм АПЖ атлары	Коэффициент (0,7 ден 3,0 ге шекем)	2022-жыл ушын жер салығы ставкасы (мың.сўмда)
1	“Жылўан жап” МПЖ	0,7	19 600,0
2	“Абат мәкан” МПЖ	0,7	19 600,0
3	“Нурлы бостан” МПЖ	0,7	19 600,0
4	“Мәденият” МПЖ	0,7	19 600,0
5	“Алтын тала” МПЖ	0,7	19 600,0
6	“Қуяшлы” МПЖ	0,7	19 600,0
7	“Бахытлы” МПЖ	0,7	19 600,0
8	“Гүжим терек” МПЖ	0,7	19 600,0
9	“Абат” АПЖ	0,7	19 600,0
10	“Ақтуба” АПЖ	0,7	19 600,0
11	“Жаңабазар” АПЖ	0,7	19 600,0
12	“Жүзимбағ” АПЖ	0,7	19 600,0
13	“Ишан қала” АПЖ	0,7	19 600,0
14	“Қумшунгил” АПЖ	0,7	19 600,0
15	“Жалпақ-жап” АПЖ	0,7	19 600,0
16	“Көк өзек” АПЖ	0,7	19 600,0

Халқ депутатлари Кегейли туман
Кенгашининг
2021 йил 29 декабрдаги
VI-42-79-13-184-K/21-сон қарорига
2-илова

Физикалық тәреплер бойынша (дийқан хожалығын жүргизиў бойынша берилген аўыл хожалығына мөлшерленген жерлерден тысқары) бирден-бир (абсолют) муғдарда 1 кв.м ушын 260,0 сўм деп белгиленген базалық салық ставкасына киргизилип атырған кемейттириўши ҳәм арттырыўшы коффициентлер

№	МПЖ ҳәм АПЖ атлары	Коэффициент (0,7 ден 3,0 ге шекем)	2022-жыл ушын жер салығы ставкасы (мың.сўмда)
1	“Жылўан жап” МПЖ	0,7	182,0
2	“Абат мәкан” МПЖ	0,7	182,0
3	“Нурлы бостан” МПЖ	0,7	182,0
4	“Мәденият” МПЖ	0,7	182,0
5	“Алтын тала” МПЖ	0,7	182,0
6	“Қуяшлы” МПЖ	0,7	182,0
7	“Бахытлы” МПЖ	0,7	182,0
8	“Гүжим терек” МПЖ	0,7	182,0
9	“Абат” АПЖ	0,7	182,0
10	“Ақтуба” АПЖ	0,7	182,0
11	“Жаңабазар” АПЖ	0,7	182,0
12	“Жүзимбағ” АПЖ	0,7	182,0
13	“Ишан қала” АПЖ	0,7	182,0
14	“Қумшунгил” АПЖ	0,7	182,0
15	“Жалпақ-жап” АПЖ	0,7	182,0
16	“Көк өзек” АПЖ	0,7	182,0